



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL KANPE AK REVANDÈ KANABIS LEGAL YO POU ANONSE PWOCHEN ETAP YO POU FÈMEN MAGAZEN ILISIT YO

*Efò pou fèmen aktivite ilegal kanabis yo pral sipòte endistri k ap grandi nan New York la ak benefisye mache legal ak ekitab la*

*Pwopozisyon an elaji otorite Biwo Jesyon Kanabis ak ajans gouvènman lokal yo pou fèmen magazen yo k ap vann kanabis san lisans*

*Gouvènè Hochul mande konpayi teknoloji yo pou yo sispann otorize boutik ilegal yo fè pwomosyon tèt yo sou platfòm sou entènèt yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te gen reprezantan revandè kanabis legal New York yo ki te rejwenn li, ki gen ladan moun ki gen lisans Dispansè Vant an Detay Kondisyonèl pou Adilt (Conditional Adult-Use Retail Dispensary, CAURD), pou anonse pwochen etap Eta a pou fèmen mache ilegal kanabis la. Biznis kanabis san lisans yo te kontinye ouvri ak opere nan tout eta a, kote yo souvan vann pwodwi ki pa teste ak kreye nwizans nan kominote yo. Anplis de sa, magazen sa yo te anpeche kwasans endistri legal New York ak revandè k ap fonksyone ladan l.

"New York dwe pran mezi pou fèmen magazen kanabis ilegal ki kontinye ouvri ak fonksyone atravè Eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ranfòse endistri kanabis ekitab New York la ak pwoteje pwopriyete ti biznis k ap travay di k ap fonksyone nan mache legal la se pi gwo priyorite yo, e pi bon fason pou nou atenn objektif sa yo se lè nou akselere fèmti boutik ki pa gen lisans yo."

Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la gen ladan yon plan pou elaji otorite Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) ak ajans gouvènman lokal yo pou mete anba kadna magazen yo k ap vann kanabis san lisans. Pwopozisyon sa a pral ranfòse otorite, akselere fèmti boutik ki pa gen lisans epi dekouraje aktivite ilegal. Plan an ap:

- Elaji pouvwa OCM pou senplifye fèmti boutik ilegal yo.
- Otorize gouvènman lokal la egzekite lòd pou mete anba kadna OCM bay yo pou asire aksyon rapid pou fèmen dispansè ki pa gen lisans yo.

- Etabli rejis lokal biznis kanabis ki gen lisans pou ede ak bay gouvènman lokal yo otonomi, tankou Vil New York, pou yo mete anba kadna biznis ki pa gen lisans atravè pwòp lwa ak resous pa yo.

Plizyè manm nan pwogram CAURD Eta a te rejwenn Gouvènè Hochul kote yo te ekspriye bezwen ijan pou fèmen operatè kanabis ilegal yo. Moun ki gen lisans CAURD yo se te premye dispansè vant an detay ki te louvri pou lavant legal kanabis pou adilt yo nan Eta New York, sa ki te etabli biznis moun ki enplike lajistis posede kòm baz mache kanabis pou adilt itilize nan New York.

Anplis de sa, rezo sosyal yo ak gwo konpayi teknoloji yo te ede nan pwomosyon magazen ki pa gen lisans epi yo te volontèman kite magazen ilegal yo fè piblisite sou entènèt, sa ki afekte efò New York ap fè pou konstwi yon endistri kanabis san danje epi ekitab. Nan kad anons li a, Gouvènè Hochul ap mande konpayi teknoloji yo pou yo entèdi pwomosyon magazen ki pa gen lisans k ap vann pwodwi ki kapab danjere sou platfòm yo.

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander, te deklare,** "Eta New York alatèt nasyon an nan angajman li pran anvè ekite nan kanabis. Pou pwoteje sa n ap konstwi a, nou dwe asire w ke dispansè legal nou yo gen yon chans toutbon pou pwospere kont operatè ilegal yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, ak patnè nou yo atravè eta a pou angajman fèm yo pou byen reyalize bagay yo. Risk yo twò wo e li lè pou nou fèmen boutik ilegal sa yo, epi kenbe konpayi teknoloji yo kòm responsab."

**Direktè Egzekitif The Cannabis Place, Osbert Orduna, te deklare,** "Ansanm, nou ka voye yon mesaj pwisan ke magazen kanabis ki pa gen lisans pa gen plas nan kominote nou yo, e nou pran angajman pou defann lalwa ak pwoteje sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo. Li obligatwa pou lejislati a, ajans reglemantasyon yo ak gouvènman lokal yo travay an kolaborasyon pou asire entegrite ak siksè mache kanabis New York la. Mwen ta renmen remèsye anpil defansè, lejislatè, OCM ak Gouvènè a pou efò konbine yo pou konstwi yon mache legal, ki an sekirite, reglemante pou konsomatè yo avèk yon vrè ekite sosyal ak ekonomik."

**Ko-pwopriyetè ConBud, Alfredo Angueira, te deklare,** "Enpak ekonomik mache kanabis ilegal la ale pi lwen pase kiltivatè nò yo ak dispansè legal nou yo, sa ki afekte kalite lavi pou tout rezidan Eta New York nou yo. Soti nan taks sou revni ki pèdi rive nan mwens opòtinite investisman, prezans operatè ilegal yo detounen lajan taks ki dedye a kominote yo kote dispansè legal yo twouve ye epi pran resous valab nan kominote nou yo, sa ki anpeche kwasans ak pwosperite. Batay kont mache ilegal kanabis la se yon batay pou lavni kominote nou yo ak ekonomi nou an. Lè nou travay ansanm pou derasinen operatè ilegal yo, sipòte kiltivatè lokal yo, epi ankouraje règleman ki responsab, nou ka bati yon endistri kanabis ki pi solid, ki pi an sekirite epi ki pi ekitab pou jenerasyon k ap vini yo."

**Vis Prezidan Asosyasyon Latino Kanabis la, Sandra Jaquez, te deklare,** "Asosyasyon nou an sipòte pwopozisyon Gouvènè Hochul fè pou pran mezi desizif kont

operasyon ilegal sa yo pou pwoteje konsomatè yo, sipòte biznis legal yo, ak defann entegrite endistri kanabis k ap grandi nou an, epi nou ankouraje lejislasyon yo pou yo sipòte plan an tou."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)